

## Konje Maladi Peye pou Fanmi nan Massachusetts (PFML)

Konje Maladi Peye pou Fanmi (Paid Family Medical Leave, PFML) se yon avantaj Eta a bay tout moun k ap travay nan Massachusetts epi ki elijib pou pran konje peye pou rezon medikal oswa familyal. PFML diferan parapò ak Lwa sou Konje Familyal ak Konje Maladi (Family Medical Leave Act, FMLA) federal ak tout lòt konje anplwayè w konn ofri w deja.

Pifò Anplwaye ki Massachusetts yo elijib pou 26 semèn konje familyal ak konje maladi melanje pou chak ane sèvis. 26 semèn sa yo gen ladan yo:

- Jiska 20 semèn konje maladi ki peye pou jere yon pwoblèm sante pèsone grav.
- Jiska 12 semèn konje familyal ki peye pou pran swen yon manm fanmi an oswa pou okipe yon timoun.
- Jiska 26 semèn konje familyal ki peye pou pran swen yon manm fanmi an ki se manm lame.

Ou kapab pran plis pase youn nan kategori konje sa yo nan yon ane sèvis, men pi plis konje peye ou ka pran nan yon ane sèvis se 26 semèn.

Kit se anplwaye k ap mande pou konje a oswa pwofesyonèl swen sante a toulède dwe konplete yon pati nan fòm Sètifika Eta Sante Grav pou benefisye yon Konje Medical oswa Konje Familyal. Fòm sa a disponib sou:

**<https://www.mass.gov/doc/certification-of-your-family-members-serious-health-condition-form/download>**

### **Montan Avantaj**

Si yo wè l admisib, avantaj ou yo ap baze sou salè mwayen chak semèn ou, salè mwayen chak semèn eta a pou travayè Massachusetts yo, [ane sèvis ou](#), epi kategori konje w ap pran an.

### **Ou Gen Kesyon?**

Rele Depatman Konje Familyal ak Konje Maladi la: (833) 344-7365 depi 8 è a.m. rive 5 è p.m., soti lendi rive vandredi, oswa vizite sit entènèt yo a:

**<https://www.mass.gov/guides/what-is-paid-family-and-medical-leave>**

#### **Kiyès pou Rele pou Swen Pasyan an**

Jou lasemèn 8 è a.m. to 5 è p.m.: Jimmy Fund Clinic (617) 632-3270

Aprè 5 p.m. oswa nenpòt moman nan wikenn ak jou konje:

Pasyan ki gen timè solid, newo onkoloji, timè ematolojik grav: Rele (617) 632-3352 epi mande pou doktè pedyat onkològ ki an fonksyon an.

Pasyan ki te fè yon grèf selil souch: Rele (617) 632-3352 epi mande pou doktè pedyat pou grèf selil ki an fonksyon an.

Pasyan klinik ensifizans mwèl zo: Rele (617) 355-6363 epi mande pou doktè ematològ ki an fonksyon an.

Pou ijans ki met lavi an danje rele 911.